Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 21 июнь Рузман №29 (7843) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Ункъоясего щвана меседил медаль



12 июналдаса байбихьун 23 июналде щвезегIан Казаналда унел руго БРИКсалъул хIаял: Гьенир гIахьаллъулел руго 90 пачалихъалдаса 4500-ялдаса цIикIкIун спортсмен. Гьел хIaзе руго спорталъул 27 батIияб тайпаялда медалазул 387 комплекталъе.

Гьенир Россиялъул эркенаб гугариялъул командаялда гIахьаллъарал нилъер районалъул ункъавго гугарухъан вахъана чемпионаллъун.

Финалалда 10:0 хIисабгун узбеказул гугарухъанги къезавун меседил медал щвана Метрадаса Башир МухIамадовасе (61 кг.) ва ТIиссиса ГIабасхIажи МухIамадовасе (65 кг.). Финалалда ГIабасхIажица 16:6 хIисабгун къезавуна азербайжаназул гугарухъан.



79 кг. цIайиялда чемпионлъун вахъана Кванхиса МухIамад МухIамаев. Финалалда гьес 6:2 хIисабгун къезавуна азербайжанав.

Гьединго чемпионлъун вахъана 125 кг. цIайиялда КIванадаса Шамил Мусаев. Финалалда Шамилица 5:1 хIисабгун къезавуна Югалъулаб Осетиялъул гугарухъан Азамат Засеев.

Россиялъул командаялъе щвараб ичIго меседил медалалдаса анлъгояб щвана Дагъистаналъул гугарухъабазе.

**ТI. ГIабдулбасиров**

Нилъер ракьцоял -улкаялъул регионазда

## ТIадегIанаб шапакъаталъе мустахIикълъана

Россиялъул Федерациялъул Президент Владимир Путинил указалдалъун (№55, 16.06.2024с.) Коми Республикаялъул Ухта шагьаралъул тIоцебесеб больницаялъул бетIерав врач Рамазанов МухIамадхIабиб Рамазановичасе кьуна «Российская Федерациялъул мустахIикъав врач» абураб хIурматияб цIар.

МухIамадхIабиб Рамазанов гьавуна Гьигьалъ росулъ, 1974 соналъ лъугIизабуна Гьигьалъ гьоркьохьеб школа, 1980 соналъ-Дагъистаналъул пачалихъияб медицинаялъул институт.

Институт лъугIарабго хIалтIизе байбихьана Ухта шагьаралъул тIоцебесеб больницаялда хирургглъун, хIалтIана гьенивго хирургиялъулаб отделениялъул заведующийлъун. 2015 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго бетIерав врачлъун.



Гьев ккола тIадегIанаб категориялъул врач-хирург, медицинаялъул гIелмабазул кандидат, Коми Республикаялъул мустахIикъав врач.

## Нухазда хIинкъи гьечIолъи нилъедаго бараб буго

Нухазда хьвадиялъулъ хIинкъи гьечIолъи букIинаби, хасго лъималазда гьоркьоб, кIвар цIикIкIараб суаллъун ккола районалъул жанисел ишазул отделалъул ГАИялъул хIалтIухъабазе.

Гьеб рахъалъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул бицунаго, заманалъ ГАИялъул начальникасул хъулухъал тIуралев полициялъул лейтенант ГIабдурахIман ГIабдурахIмановас абуна бицунго жал рохараб иш бугин 2017 соналдаса нахъе районалда лъималазе кьварилъи ккараб аварияби ккечIолъи. КкечIо гьединго 2019 соналдаса нахъе чIахIиязе кьварилъи ккарал авариябиги.

Нухазда хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъе гIемерисеб квалквал кколел руго нухазда гIадамазе хьвадизе тротуарал гьаризе рес гьечIолъиялъ. РукIуна росулъ жаниб бихьизабураб хехлъиялъухъ балагьичIого транспорт бачиналъул, нухлулазулгун автотранспорт бачунезул цоцаздехун адаб гьечIолъиялъул хIужаби.

Гьебги хIисабалде босун, райотделалъ тIалаб гьабулеб буго районалда лъабго бакIалда видеокамераби лъезе, гьелъ рес кьезе буго автотранспорт бачунезда хадуб хал кквезе.

Нухазда хIинкъи гьечIолъи ниги, цоги-кIигоги нухалъ абураб бичIчIуларел тамихIалде цIачIого данде кколаро.



букIинаби мурадалда тIоритIулел руго оперативиялгун профилактикиял тадбирал, гьенир гIахьал гьарула школазул ва садиказул лъимал.

ГIадлу хвезабулелгун гьарула кIалъаял, мальа-хьваял, гьарула протоколал, цIала административияб тамихIалде. ТамихI гьаби нижер мурад гуро, буго-

Нилъер мурад буго нухазда хIинкъи гьечIолъи чIезаби, гIемерисеб гьеб нилъеда-нухазда хьвадулезда ва транспорт бачунезда бараби буго. Гьединлъидал, нилъер букIине ккола цоцаздехун адаб, гьелъ нилъ битIараб нухдеги рачуна.

**ГI. Малачдибиров**

## ЦIумада район гIуцIаралдаса - 95 сон

# ТIолгодагъистаналъул Советазул иргадулаб гуреб съездалъул делегат

Цогидазе мисал босизе мустахIикъав вукIана Гумаров ТIалхIат Зубаирович. Гьев лъалев вукIун вуго нилъер районалъул гIадамазда гуревги, цогидал мугIрузул районазул ва чачаназул халкъазда Советияб властальe гIоло кьеркьарав ва партиязул ритIухъав чи хIисабалда.



ТIалхIат гьавуна Ганди округалъул Болъихъ векьарухъанасул хъизамалда гьоркьов. Гьев хIалтIизе ккун вуго бечедал чагIазда цеве ва бихьун буго гьезул гурхIел гьечIолъи, гьийин, гьезда цебе лагъльи гьабизе ккей.

1918 соналъул март моцIалъ ТIалхIатица Болъихъ росулъ гIуцIула РКП (б) ялде лъугьине бокьаразул ячейка. ТIалхIатица нухмалъи гьабулеб ячейкаялде лъугьине рес щун буго цогидал росабазул мискиназеги.

Гьеб ячейкаялъул къуват бихьидал, бечедал чагIи, кулакал лъугьун руго гьезде данде рагь базе, гьеб щущахъ биххизабизе. Къаси кватIараб мехалъ гьел тIаделъун руго ячейкаялъул рукъалда, тIетIезарун руго гьенир рукIарал революциялъулал плакатал, рихьун ран руго рокьор рукIарал Совет хIукуматалъул рахъ ккуразул сияхI ва документал, ТIалхIатги туснахъ гьавун вуго.

ТIокIаб гьединаб хIалтIи гьабизе жидеца виччаларин гьев абураб гIагарлъиялъул гьариялдалъун, ТIалхIат анцIго къойидаса туснахъалдаса эркен гьавун вуго. Туснахъалдаса кьватIиве вачIаравго ТIалхIатица цIидасан байбихьула Советияб власть гIуцIиялъе кьезе, ва гIуцIула 75 чиясдасан данде гьабураб партизаназул отряд, гьебги бачун гьев уна чачаналде.

Гьенив ТIалхIат дандеълъула Ушаев Маэменица бетIерлъи гьабулеб чачаназул партизаназул отрядгун, ва кIиябго отрядалъ кьеркьей гьабула чачаналда Советияб власть гIуцIиялъе.

*ТIалхIатил жигараб хIалтIи* ва бахIарчилъи бихьун 1919 аб. соналъул июнь моцIалда гьев тIамула Ганди округалъул революциялъулаб комитеталъул отделалъул заведующийлъун ва гьебго округалъул революциялъулаб комитеталъул членлъун. 1919 аб. соналъ гьев витIула Чечен округалъул (Терская область) дагъистаниязул отрядалъул командирасул кумекчилъун. 1920 аб. соналъул апрелалде щвезегIан гьеб отрядгун ТIалхIат вахъула Деникинил аскаралде данде.

Гьесул нухмалъиялда гьоркь отрядалъ бергьенлъи босана Чачаназул Бердакел абураб росу бахъулаго. Тушманасухъа бахъана цIикIкIараб гула-хер ва ярагъ. Гьениб бихьизабураб гьезул бахIарчилъи тIибитIана тIолабго Чачаналъ.

Гьел рагъазулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло ТIалхIат тIамула бальхъадерил отрядалъул командирлъун, ва гьесул бетIерлъиялда гьоркь отрядалъ рахъула Эрсеной, Гуни, Тазинхъала, Белгатой, Сенжиюрт, Шали ва цогидалги бакIал.

1920 соналъ ТIалхIат тIамула Ганди округалъул комиссиялъул председательлъун, гьебго заманалда гьев тIамула Ганди росулъ бугеб революциялъулаб комитеталъул председательлъун.

БагIараб Армиягун цадахъ лъугьун ТIалхIатил рагъухъабаз щущахъ риххизаруна Аргун, Червленная, Николаевская станциязда, Каминовскалда, Науралда щулалъабазда рукIарал Деникинилал.

Гьебго 1920 аб. соналъ ТIалхIатица кIудияб хIалтIи гьабуна ХIоцоса Нажмудинил ва Хунзахъа ГIалихановасул Советияб власталда данде чIарал отрядалгун ккарал рагъазулъ.

ТIалхIат гIахьаллъана 1920 соналъул 13 ноябралда Ж. Къоркъмасовасул нухмалъиялда гьоркь Темирхан-Шура тIобитIараб ТIолгодагъистаналъул Советазул иргадулаб гуреб съездалда Ганди округалдаса делегатлъун. Дагъисталъе автономия лъазабизе гьениве вачIун вукIана И.В. Сталин.

1921-1924 соналда ТIалхIат хIалтIана Ганди округалъул милициялъул начальниклъун, 1924-1926 соназ хIалтIана Ганди, Гъуниб, Хасавюрт, Табасаран округазда партиялъулгун ва советиял органазда, 1926-1961 соназ - партиялъул ЛъаратIа, ГIахьвахъ, ЦIунтIа райкомалъул секретарьлъун, Ганди округалъул Эчеда, ЦIумада, Хунзахъ, Ведено, КъахIиб райисполкомазул председательлъун.

Рагъул 1941-1945 соназ нилъер районалъул исполкомалъул председательлъун хIалтIулаго гьес жигараб хIалтIи гьабуна оборонаялъул фондалде Советияб Армиялъе, гьезул хъизамазе гIарац, кванил нигIматал ва ретIел-хьит бакIарияльулъ, жанисел гъачагъазде данде рагь баялъулъ.

Советияб власть гIуцIиялъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ва хадубккун гьеб щулалъиялъе гьабураб хIалтIухъ пачалихъалъ ТIалхIат кIодо гьавуна шапакъатаздалъун.

ТIалхIат Гумаров вукIана коммунист партиялъул ва Совет хIукуматалъул ритIухъав вас. Гьев вищун вукIана Дагъистан ЦИКалъул членлъун, чамалиго нухалъ партиялъул райкомалъул бюроялъул членлъун ва захIматхалкъалъул депутатазул районалъул Советалъул депутатлъун.

Кинаб хIалтIи тIад кьаниги, ТIалхIатица живго вихьизавуна партиялъулгун советиял органазе ритIухъав, халкъалъул тIалабагъаз гьабулев нухмалъулевлъун. Гьев лъалел гIадамаз гIемер бицунаан гьесул гIаданлъиялъул, намус бацIцIалъиялъул ва ритIухълъиялъул хIакъалъулъ.

Хвана ТIалхIат Гумаров 1961 соналъул 27 сентябралда.

**М. Шамсудинов,** захIматалъул ветеран

## Врач разъясняет

# Конго-крымская геморрагическая лихорадка

Конго-крымская геморрагическая лихорадка, (ККГЛ) является широко распространенной острой инфекционной болезнью человека, передающееся через укусы клещей, вызываемое вирусом Конго-крымской геморрагической лихорадки.

Симптомы включают высокую температуру, головные боли, мышечные боли, тошноту, рвоту, диарею, а также внутренние и внешние кровотечения. Это серьезное заболевание, и в некоторых случаях может привести к смертельному исходу.

В 2021 году в России было зафиксировано 49 больных этой инфекцией.

В нашем районе за все время наблюдения был зафиксирован один случай с подозрением на Конго-крымскую лихорадку. Больная с симптомами ККЛ была доставлена в Республиканский центр инфекционных болезней.

Люди могут заразиться вирусом, контактируя с инфицированными клещами или через контакт с кровью или тканями инфицированных животных.

**Как защитить себя от инфицирования?**

Носить защитную одежду (длинные рукава, длинные брюки); носить светлую одежду, позволяющую легко обнаружить клещей на одежде;

После прогулок в лесу или по травянистой местности проведите тщательный осмотр кожи, чтобы своевременно обнаружить клещей, а в случае их обнаружения, необходимо удалить их безопасными методами.

При обнаружении на теле клеща, то нужно его удалить как можно раньше. В идеале следует обратиться в ближайшее лечебное учреждение для удаления насекомого и сдачи его на анализ.

В течение 14 дней внимательно отслеживайте состояние здоровья. Если появятся признаки инфекции (покраснение, отёк, высыпания, лихорадка), немедленно обратитесь к врачу.

**Патимат Магомедова**, участковый врач-терапевт

# Рагъдаса вуссинчIев Рустамиде

***Назму сайгъат гьабула Рустамил эбелалъе, гIагарлъиялъе ва дир росуцоял тIиндадерие***



Дир росуцадахъав тIиндадерил вас,
Дур хIакъалъулъ буго хъвалеб гьаб назму.
Нилъер ВатIаналда тIаде къо ккедал,
ГIарза хъван ана мун Украиналде

Микьго соналъ гьениб чIвалеб букIана
Расги гIайиб гьечIеб гIурусазул халкъ.
Рустам, дуда кIвечIо рагъда инчIого,
ГIагараб гIурус халкъ хвасар гьабизе.

Рагъда мун вугелъул Украиналда,
Телефоналдаса эбелгун ккараб,
Дур кIалъай рагIана дида, ракьцояв.
Гьале ахирисеб дур ккараб кIалъай.

-Дуда тIад дунги щун, йоха абе мун,
Гьаб дунялалда нилъ хвезе рижарал,
ХвечIого ракьалда чи хутIиларо,
Хун хадуб алжан кьун роха абе нилъ.

Кьвагъулеб ракета,балеб гIарада,
ГIасияб рагъ буго гьаниб, дир эбел.
РечIун ракетагун дир берда цеве
ЧIван рехана нилъер росуцадахъав.

Цогидавги нилъер районцадахъав
Лъукъана гьаб рагъда гIарада речIун.
Дица кумек гьабун ругъунги бухьун,
Берцинго регIана госпиталалде.

ТIоцебесеб кьерда вуго вагъулев.
Харьковалде щвезе манзил дагь буго.
Щунусго гIанасеб метра батила,
Шагъаралде щвезе хутIараб манзил.

Берда цере руго, гъурулел рукъзал,
ЧIвадгIаги хутIулеб гьечIо рукъзалзул.
Киса рачIарабльи лъачIого руго,
Бендераз речIулел беспилотниказ.

Эбел, дуда лъала квакIи дилъ букIин,
Кьварун вагъулеблъи нацистазде данд.
Кин, щиб бугониги, бокьулеб гьечIо,
Бергьенлъи щвечIого гIадада хвезе.

Ирга лъида бугеб лъаларо дида,
Гуллилъ дун ккогеян вуго гьарулев.
Дуцаги, дир эбел, гьабе дий дугIа,
ХвечIого дун рокъов вуссаян.

Радалги, къасиги, къадги,сардилъги,
ЧIей гьечIого руго ралел бомбаби.
БатIалъи гьечIого нилъер, гьозулал
Гъурун ралел руго рагъул солдатал.

Гьанже дий хутIараб гIемер мех гьечIо,
Лъабго моцI дир ана, анлъго хутIана.
ХвечIого хутIани, дун тIад вуссина,
Ургъел ккун йикIуге, хирияй эбел.

Гьаб кIалъай букIана ахирисеб дур,
Рустам, мун эбелгун тIокIав кIалъачIо.
Гьеб къоялъищ щвараб лъаларо къадар,
ГьечIого цогидаб къоялъищ щвараб.

Харьков шагъаралде щолеб бакIалда
Къурбанлъун мун ккана, тIиндадерил вас.
ТIасахуни боржун ракета бачIун,
ЧIван мун реханилан рогьел бачIана.

«БакIлъи 200» дур рокъоб бачIинчIо.
Кодоб щвечIо ракьа ракьулъ букьине.
Хабалъе мун инчIо, къаникье лъечIо,
ГIаммаб хоб лъугьинчIо, гIалхуда хвана.

Дуцаго абухъе, бетIергьанас дур,
РухI босун батила хъахIилаб зодоб.
Тун батиларо гьес ракьалда дур черх,
Гъудуца кванасе, хIанчIаз хьарсизе.

Алжан къун батила хун хадуб дуе,
Хирияв мун вукIун бетIергьанасе.
Хун ракьулъги гьечIев, чIагоги гьечIев,
Кида мун кIочене росуцоязда.

Гьаб нилъер ракьалда хоб дур лъугьинчIо,
Хабада цIар хъвараб зани дур гьечIо.
Зонода гIодор чIун дугIа гьабизе,
Гьаб дунялалда дур щибго хутIичIо.

Дур бахIарчилъиги, къвари, къвакIиги
ЦигIолеб гIелалъе мисаллъун чIела.
Ниж чIухIарал руго дудаса, Рустам,
Эбелалъ гьавидал мун гIадав гьалбацI!

**Муса МухIамадов,** росу ТIинди

Призыв-2024

## Организация и проведение призыва граждан на военную службу

В соответствии с Указом Президента Российской Федерации №222 от 31.03.2024 и приказом Министра обороны Российской Федерации №190 от 31.03.2024г. с 1 апреля 20124г. в Дагестане идет призыв граждан на военную службу граждан 1996-2005 годов рождения.

В соответствии с распоряжением Главы Республики Дагестан от 27 марта 2024 года №43-рг «О республиканской призывной комиссии и призывных комиссиях муниципальных районов и городских округов Республики Дагестан на период проведения призыва граждан на военную службу весной 2024 года» призыв будут осуществлять 53 призывных комиссий, а также к работе призывных комиссий будут привлечены общественные организации, представители которых получат право участия в13 заседаниях районных и городских призывных комиссиях.

Из Республики Дагестан на военную службу предстоит отправить более 3000 тысяч новобранцев, в том числе с Цумадинского района - более 40. Они будут направлены во все виды и рода Вооруженных Сил Российской Федерацци, а также в другие войска, где законом предусмотрена воинская служба.

В настоящее время военную службу по призыву проходят более 100 Цумадинцев. По информации, поступающей из воинских частей, наши земляки с честью выполняют свой воинский долг, достойно продолжают славные традиции воинов-дагестанцев.

Запланированные на весенний призыв 2024 года отправки призывников в войска будут направляться к местам прохождения военной службы автомобильным, железнодорожным а авиационным транспортом.

Перед убытием к месту несения службы все призывники будут переодеты в повседневную форму одежды: для ВМФ - черного цвета, для ВКС и ВДВ - синего, для остальных видов и родов войск - зеленого цвета.

Закончится весенняя призывная кампания 15 июля 2024 года.

Срок военной службы также как и всегда составляет 12 месяцев.

В период призыва в военном комиссариате Цумадинского муниципального района будет работать «прямая телефонная линия» по вопросам призыва граждан на военную службу по телефону 8 (87273) 2-52-84; время работы - 9.00-13.00.

Призывники, призванные с Республики Дагестан будут проходить военную службу по призыву только на территории Российской Федерации во всех видах и родах войск Вооруженных Сил Российской Федерации.

Военнослужащие, проходящие военную службу по призыву, не будут принимать участие в зоне специальной военной операции.

**Д. Мустафаев**, военный комиссар РД

## Пожарная безопасность в летний период

Вопрос пожарой безопасности летом является серьезным и важным для каждого человека. В жаркое время года вероятность возникновения возгараний на природе и в помещении возрастае, накладывая на людей дополнительные требования по аккуратности и внимательности к своим действиям. Банальная неосторожность становиться причиной серьезных последствий,лесных пожаров, занимающих гектары территорий ,гибели диких животных и граждан.

Лето - время отпусков и опасности, пора веселья и беззаботности, в особенности для наших любимых детишек. Родителям же остается быть чрезмерно внимательными, поскольку дети остаются на долгое время без присмотра, как дома, так и на улице. Обеспечить безопасность детей летом - задача родителей. Поэтому ознакомление с правилами безопасности на период летних каникул чрезвычайно важно.

**Пожарная безопасность**

Пожар может возникнуть в любом месте и в любое время. Поэтому к нему надо быть подготовленным. Главное, что нужно запомнить - спички и зажигалки служат для хозяйственных дел, но никак не для игры. Даже маленькая искра может привести к большой беде в любом месте, даже на улице. Закрепляйте с детьми правила пожарной безопасности:

не играть со спичками, не разводить костры;

не включать электроприборы, если взрослых нет дома;

не открывать дверцу печки;

нельзя бросать в огонь пустые баночки и флаконы от бытовых химических веществ, особенно аэрозоли;

не играть с бензином и другими горючими веществами;

никогда не прятаться при пожаре, ни под кровать, ни в шкаф;

при пожаре звонить 01, 112 (назвать свой адрес, телефон, фамилию и рассказать что горит)!

**Безопасность на воде летом**

Большинство семей предпочитают проводить жаркие летние дни на пляжах водоёмов - озёр, рек, морей. Взрослые и малыши с удовольствием купаются и загорают, дышат свежим воздухом. Однако вода может быть опасной. Поэтому перед поездкой на место отдыха следует изучить некоторые рекомендации:

не разрешайте купаться ребёнку без вашего присмотра, особенно на матрацах или надувных кругах;

отпускайте ребёнка в воду только в плавательном жилете или нарукавниках;

не позволяйте детям играть в игры, где участники прячутся под водой или их «топят». Такие развлечения могут окончиться трагедией;

не разрешайте заплывать за буйки и нырять в неизвестных местах водоёма, поскольку камни и ветки деревьев часто приводят к травмам;

контролируйте время пребывания ребёнка в воде, чтобы не допустить переохлаждения;

во избежание солнечных ожогов смазывайте кожу ребенка специальными солнцезащитными средствами.

**Безопасность на природе в летний период**

Если вам удастся выбраться на природу (лес, парк), обязательно ознакомьтесь с правилами безопасности детей в летний период, в таких местах обычно много клещей, укусы, которых провоцируют тяжёлые заболевания. Поэтому ребёнка лучше одеть в штаны и закрытую обувь. Причём брюки следует заправить в резинку носков.Не помешает и обработка поверхности одежды средствами от насекомых. Объясните ребёнку, что запрещено трогать незнакомые грибы и кушать неизвестные ягоды или плоды, растущие в лесу, потому что они могут быть ядовитыми. Во избежание укуса таких насекомых, как шмели, осы и пчёлы, объясните малышу, что нужно оставаться недвижимым, когда они поблизости. Не позволяйте ребёнку подходить к животным, которые могут укусить его и заразить бешенством. Ни в коем случае не оставляйте детей без присмотра, они могут заблудиться.

**Общие правила безопасности детей в период летних каникулах**

Расскажите детям о том, как правильно себя вести на детской площадке, в частности, катанию на качелях. К ним нужно подходить сбоку; садиться и вставать, дождавшись полной остановки; крепко держаться при катании.

Соблюдайте питьевой режим, чтобы не допустить обезвоживания. Давайте ребёнку очищенную природную воду без газа.

Если ваше чудо катается на велосипеде или роликах, приобретите ему защитный шлем, налокотники и наколенники.

Соблюдение мер пожарной безопасности и простым рекомендациям поможет обезопасить жизнь и здоровье вашего ребёнка и позволит провести летние каникулы с максимальным удовольствием.

**М. Ахмадулаев,** инспектор ОНД и ПР №15

Динияб бокIон

## РацIцIалъи - иманалъул бащалъи

Исламалъ кIудияб кIвар буссинабула рацIцIалъиялде. Бусурбабаз сундулъго цIунула рацIцIалъи. Бищун цебе чорокльиялдаса цIунула къаркъала, хадуб ретIел-кун, рукъ-бакI, каву-къоно. Къойил щивав бусурбанчияс чара гьечIого тIуразаризе ккола гьел тIалабал. Щивав чияс гьел тIуразаризе кIвараб хIаракатги бахъула. ЛъикIав бусурбанчиясул рацIцIа-ракъалъиялда багьана чIвазе бакI, къанагIат гурони букIунаро.

АлхIамдулиллагь, ТIадегIанас кигIанги лъикI хьихьун руго, гьарзаго лъим буго, кинал рокьаниги рацIцIалъи цIунизе кумекалъе хIалтIизаризе къватIире риччарал сурсатал-алатал руго.

ГьединнгогIезегIан лъикI буго рукъ-руссеналъул ахIвал-хIалги. Амма, рукъалъул нуцIа къан къватIире лъугьаралго, бецизе бажарулеб сурат бихьуларо къватIазул, хасго шагьаразда.

МухIаммад аварагасул хIадис буго: «РацIцIалъи - иманалъул бащалъи ккола», -ян абураб. Нилъ исламияб дин ккурал бусурбаби ругониги къватIазда бугеб чороклъи дагьлъулеб гьечIо. Дагьабги захIматаб буго гьеб чороклъиялда гьорлъ гIумру гьабизе нилъ ругьунлъулел рукIин, гьеб къагIида букIине кколеб жо гIадин къабул гьабун букIин. Цебе ккаралъубе рехун толеб буго кьишникъулалъул пакет, кодоб букIараб кваналеб конфеталдаса бахъараб кагъат. Гьединаб хIал нилъелъ букIаго, мадугьал вачIун гьес гьабун рацIцIалъи лъугьунаро. Щивас жиндасаго байбихьун гьабизе ккола рацIцIалъи ва ругеб бакIалда гIадлу.

ГIемерисеб рукъалъул гIадлу чIужугIаданалда бараб букIунин абула. Руччабаз дагьаб хIаракат бахьани, лъималаздаги малъун бичIчIизабуни, бихьиналги кIвахIаллъичIони, ракIчIун абизе бегьула гьеб суал битIараб нухде бачIинин.

Бухариясдасан бачIараб хIадисалда буго: «Нухдаса чороклъи нахъе гьабиги - садакъа ккола», - ян. Гьединлъидал, жиндир гурин течIого щивас жигар гьабун, мисал бихьизабуни аскIове ккаравги кантIила, хадур рачIаразеги гIадлу букIина.

Дагъистан буго нилъер киназулго гIаммаб рукъ. Нилъерго рукъ лъикI букIине бокьуларев чи цониги ватиларо. Кинаб рокъор гIезарилел нилъеца нилъерго лъимал, кинаб рукъ нилъеца гьезие нахъе телебали нилъедаго бараб буго.

Аллагьас тавпикъ кьеги нилъее рукъги, къватIги, ракIги, напсги бацIцIадго цIунизе. Амин.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

Газпром

## «Газпром межрегионгаз Махачкала» развивает работу платформ для онлайн-обращений абонентов

У дагестанцев есть несколько дистанционных способов связи с региональной газовой компанией. Их можно использовать для решения как текущих, так и оперативных вопросов.

На сайте «Газпром межрегионгаз Махачкала» работает интернет-приемная генерального директора для обработки онлайн-обращений, заявлений абонентов (активная ссылка https://receptiondzo.mrgeng.ru/?id=51).

Оставить обращение в интернет-приемной генерального директора могут как абоненты, так и потенциальные участники догазификации. Платформа удобна в использовании: достаточно выбрать раздел в классификаторе и заполнить онлайн-форму обращения. Интерфейс позволяет прикрепить все необходимые документы. Каждое заявление регистрируется и обрабатывается индивидуально специалистами. Ответы направляются либо по электронной почте или сотрудники связываются по телефону.

Кроме того, учитывая интересы потребителей газа и участников программы догазификации в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» организована бесплатная многоканальная телефонная линия «Контакт-центра», по которой можно получить консультацию по всем интересующим вопросам газопотребления, оплаты за газ, узнать сумму задолженности и причины, узнать о правилах поставки газа, уточнить дату поверки счетчика, а также сообщить о качестве обслуживания клиентов Общества в абонентских участках и пунктах.

Также для удобства потребителей газа на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» www.mkala-mrg.ru доступен «Личный кабинет абонента», который предоставляет возможность абоненту зарегистрироваться с помощью электронной почты и посмотреть информацию по своему лицевому счёту, передать показания прибора учёта газа и произвести платежи за газ, не посещая абонентские пункты и не оплачивая комиссию. Также доступны для смартфонов приложения «Газ Онлайн» и «Мой Газ», с помощью которых можно произвести оплату за газ не выходя из дома.

Номер «Контакт центра» ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» 8 800 200 98 04 (звонок бесплатный).

## Колонка прокурора

### Обеспечение лекарственными препаратами граждан льготной категории

Прокуратурой района во исполнение поручения прокуратуры Республики Дагестан проведена проверка обеспечения лекарственными препаратами граждан льготной категории, страдающими заболеванием «Сахарный диабет».

В соответствии статьи 4 Федерального закона от 21.11.2011 № 323-ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации» (далее – Федеральный закон № 323-ФЗ) основными принципами охраны здоровья являются - соблюдение прав граждан в сфере охраны здоровья и обеспечение связанных с этими правами государственных гарантий; доступность и качество медицинской помощи.

Согласно п. 2 ст. 19 Федерального закона № 323-ФЗ каждый имеет право на медицинскую помощь в гарантированном объеме, оказываемую без взимания платы в соответствии с программой государственных гарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи, а также на получение платных медицинских услуг и иных услуг, в том числе в соответствии с договором добровольного медицинского страхования.

В нарушении вышеуказанных требований законодательства в ГБУ РД «Цумадинская ЦРБ» допущены нарушение при формировании и передачи заявки об имеющейся потребности в лекарственных препаратах у прикрепленного населения входящего в льготную категорию граждан и имеющих право на льготное лекарственное обеспечение.

В целях устранения выявленных нарушений и недопущения их впредь прокуратурой района в адрес главного врача ГБУ РД «Цумадинская ЦРБ» внесено представление, которое рассмотрено и удовлетворено.

### Уставы сельских поселений

В соответствии со ст. 7 Федерального закона от 06.10.2003 № 131 – ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации» (далее – ФЗ № 131 – ФЗ) муниципальные правовые акты не должны противоречить Конституции Российской Федерации, федеральным конституционным законам, настоящему Федеральному закону, другим федеральным законам и иным нормативным правовым актам Российской Федерации, а также конституциям (уставам), законам, иным нормативным правовым актам субъектов Российской Федерации.

Федеральным законом от 06.02.2023 № 12 – ФЗ, от 29.05.2023 № 253-ФЗ, от 04.08.2023 № 449-ФЗ и от 02.11.2023 № 517-ФЗ внесены изменения и дополнения в ФЗ № 131-ФЗ.

Вместе с тем, проведенной прокуратурой района проверкой установлено, что администрацией сельского поселения в связи с изменением федерального законодательства соответствующие изменения в Устав сельского поселения, не внесены.

В этой связи 31.01.2024 в адрес 15 глав сельских поселений принесены протесты, которые рассмотрены и удовлетворены, подготовлены проекты о внесении изменений в уставы сельских поселений.

### По задолженности в сфере ЖКХ

Прокуратурой района проведена проверка исполнения законодательства в отдельных областях жилищно-коммунального хозяйства.

В ходе проверки установлено, что по состоянию на 01.03.2024 у администрации МР «Цумадинский район» перед поставщиками энергоресурсов возникла задолженность по газу в размере 286 тысяч рублей, а в сфере электроснабжения свыше 1 058 тысяч рублей.

В соответствии с положениями статьи 153 и частей 1 и 4 статьи 155 Жилищного кодекса Российской Федерации, плата за коммунальные услуги вносится ежемесячно до десятого числа месяца, следующего за истекшим месяцем, а граждане и организации обязаны своевременно и полностью вносить плату за коммунальные услуги.

По выявленным нарушениям закона прокуратурой района в адрес главы администрации МР «Цумадинский район» внесено представление, которое рассмотрено и удовлетворено.

### Всероссийская олимпиада школьников

Прокуратурой района проведена проверка исполнения законодательства при проведении олимпиад школьников.

В ходе проверки установлено, что в нарушение абз. 2 п. 31 Порядка проведения всероссийской олимпиады школьников, утвержденного Приказом Министерства просвещения Российской Федерации от 27.11.2020 № 678 (далее – Приказ № 678), состав муниципального оргкомитета Всероссийской олимпиады школьников в Цумадинском районе в 2023\2024 учебном году утвержден с нарушениями установленных сроков.

В нарушение п. 18 и абз. 6 п. 31 Приказа № 678 организатором не установлена квота победителей и призеров школьного этапа олимпиады, количественный и представительный состав организационного комитета не соответствует требованиям.

В целях устранения выявленных нарушений прокуратурой района в адрес начальника управления образования администрации МР «Цумадинский район» внесено представление, которое рассмотрено и удовлетворено.

**Д. Джабраилов,** прокурор района

## Спорт

# Ветераналъ-чемпионал







Гьал къояз Смоленскалда тIобитIараб эркенаб ва греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ ветераназда гьоркьоб Россиялъул чемпионаталда лъикIал хIасилал рихьизаруна нилъер ветераназ.

100 кг. цIайиялда цеве вахъарав Россиялъул командаялъул капитан Агъвалиса ГIабдурашид Багъавдинов вахъана эркенаб ва греказулгун румазул гугариялъул рахъалъ Россиялъул чемпионлъун.

Эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул лъабго чемпионги къезавун, 78 кг. цIайиялда Россиялъул чемпионлъун вахъана Акнадаса Жамалов ХIасан.

Гугариялъул кIиябго тайпаялда 78 кг. цIайиялда мазгарул призерлъун вахъана нилъер районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул тренер Къедиса Сапиюла Сапиюлаев.

**Шамил Бадрудинов**

# Гъази Халилов - Россиялъул чемпион

Гьал къояз Пермь шагьаралда тIобитIана рачлида рагъиялъул рахъалъ Россиялъул чемпионат.



Гьенир гIахьаллъана Россиялъул лъеберго регионалдаса 280 спортсмен.

100 кг. цIайиялда цеве вахъарав гьеб гугариялъул тайпаялъул халкъазда гьоркьосеб классалъул мастер КIванадаса Халилов Гъазица ккуна тIоцебесеб бакI.

КватIичIого августалъул байбихьуда Гъази гIахьаллъизе вуго Монголиялда тIобитIизесеб дунялалъул чемпионаталда.

Баркула Гъазида бергьенлъи, гьарула хадубккун икъбал!

**Шамил Бадрудинов**

# ГIурадаса кIиго медаль бачIана

Гьал къояз Шамил районалъул ГIурада росулъ тIобитIана 2009 соналъ ва гьелдаса хадур гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство. Гьенив гIахьаллъана нилъер районалъул ДЮСШаялъул кIиго гугарухъан.



52 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Абакаров Нажмудиница, 62 кг. цIайиялда кIиабилеб бакIалде ккана МуртазагIалиев ГIабдула.

**Шамил Сажидов**

## Подписка-2024

**ХIурматиял цIумадисел!**

Унеб буго 2024 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «ЦIумадисезул гьаракь» газетаялъе подписка. Районалда ва гьеб тун кватIир гIумру гьабун ругел цIумадисел ахIула нилъерго мацIги, цIарги, адабиятгун маданиятги цIунулеб районалъул газета хъвазе.

Бокьилаан халкъалъул гIумруги бихьизабулеб, бечедаб тарихги бугеб, багьаги учузаб районалъул газеталъулгун нужер гьудуллъи букIине.

**Бащдаб лъагIалие газеталъул багьа - 352,38 гьур.**

**Индекс: - 51377**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1491
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru